



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AP BAY MIZAJOU PLISKE KOMINOTE YO KÒMANSE  
PWOSESIS REKIPERASYON APRE TANPÈT YO KI GEN LYEN AK RÈS DEBBY**

*Eta Dijans nan tout Eta a rete an vigè*

*Avètisman kont inondasyon rete an vigè pou konte St. Lawrence, Franklin,  
Broome ak Delaware*

*Gwo lapli te afekte Rejyon North Country, New York Santral, Mohawk Valley,  
Rejyon Kapital, Southern Tier, Lwès New York ak Mid-Hudson*

*Anplwaye rekiperasyon apre dezaz DHSES an kontak ak patnè lokal yo nan  
kominote ki afekte yo pou ede yo kòmanse evalyasyon domaj*

*Ekip ajans Eta yo sou teren y ap ede netwaye ak evalye domaj yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou repons Eta a fas ak gwo tanpèt ki asosye ak rès Debby ki te afekte kominote yo nan tout eta a nan vandredi. Yè, Gouvènè a te deklare yon Eta Ijans nan tout eta a epi li te deplwaye plis pase 120 manm Gad Nasyonal pou bay asistans. Yo prevwa yon tan ki relativman klè nan jou k ap vini yo epi li pral ede akselere netwayaj la.

"New York rete anba yon Eta Ijans nan tout eta a, epi administrasyon mwen an pare pou sipòte kominote ki afekte yo pandan y ap kontinye netwaye epi refè apre tanpèt rès Debby te koze yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans eta yo gen ekip sou teren k ap ede elimine domaj epi n ap travay avèk patnè lokal nou yo pandan y ap kòmanse evalyasyon domaj yo. Li enpòtan pou Nouyòkè yo rete vijilan paske inondasyon rete yon risk nan kèk zòn nan Eta a."

Yè, kat a sis pous gwo lapli te afekte konte yo soti nan konte Steuben ak Allegany ak nòdès la jiska konte St. Lawrence ak konte Franklin ak inondasyon rapid nan plizyè kote. Gwo inondasyon te fèt nan Konte St. Lawrence. Gwo tanpèt loraj ak gwo van tou te afekte mwaye lès Eta a, ki te lakoz gwo blakawout. Yon tònad EF-0 ateri nan New Paltz, sa ki fè kantite total tònad nan Eta New York ane sa a rive 27.

Avètisman kont inondasyon rete an vigè pou konte St. Lawrence, Franklin, Broome ak Delaware jiska jodi a akòz inondasyon rivyè. Pifò inondasyon yo te deja monte e yo prevwa yo pral bese pi ba pase nivo inondasyon yo pita jodi a oswa lannwit lan.

Volontè Lakwa Wouj Ameriken yo ouvri yonabri nan Konte Steuben nan Lekòl Segondè Corning-Painted Post pou ede moun ki afekte nan tanpèt yo epi yo pral vizite kay rezidansyèl yo nan jou k ap vini yo pou evalye domaj epi bay moun ki kalifye yo resous ak asistans finansye.

Ajans Eta New York yo ap bay soutyen sa yo pou sipòte repons kont envèansyon yo:

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)**

Yo aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a nan Albany pou sipòte demann asistans gouvènman lokal yo, estòk eta yo pare pou deplwaye resous jan sa nesesè. DHSES te bay sipò kominikasyon bay premye sekouris yo epi ekip sekou nan dlo vif Eta a te reponn demann pou asistans nan Canton ak Konte Steuben. Sant Operasyon Ponpye Eta a aktive epi li kapab sipòte operasyon ajans eta yo epi tou okipe demann yo soumèt atravè Plan Mobilizasyon Ensandi ak Èd Mityèl Eta a. Anplwaye rekiperasyon pou katastwòf DHSES an kontak ak patnè lokal yo nan kominote ki afekte yo pou ede yo kòmanse evalye domaj nan enfrastrikti, kay ak biznis yo. Ekip Repons pou Evalyasyon Domaj yo angaje pou ede fè evalyasyon domaj sou plas. Aprann plis sou [konsèy sekirite sou inondasyon](#).

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap entèvni avèk plis pase 3,429 sipèvizè ak operatè. Fòs antretyen pon ak wout yo ap fè patwouy sou wout eta yo epi yo angaje yo nan netwayaj ak evalyasyon domaj nan zòn ki afekte yo. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. NYSDOT ap bay minisipalite lokal yo evalyasyon domaj ak asistans pou netwayaj tou.

Kèk pòsyon nan plizyè otowout eta a rete fèmen akòz inondasyon oswa pye bwa ki tonbe, tankou sou U.S. Route 9 nan Konte Warren; State Routes 248, 36, ak 417 nan Konte Steuben; State Route 11 nan Konte St. Lawrence ak State Route 970T nan Konte Franklin. Ekip NYSDOT yo sou plas epi yo pral re-ouvri wout yo osito ke kondisyon yo pèmèt.

Pou ede ak efò rekiperasyon tanpèt yo, de ekip drenaj adisyonèl (18 moun) ak sis ekip evalyasyon domaj adisyonèl (12 moun) ap deplwaye nan North Country pou ede ekip NYSDOT ki deja an plas la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,408 gwo kamyon abèn baskil
- 319 gwo chajè
- 88 dechiktèz
- 87 ekskavatris ak wou ak cheniy
- 30 platfòm tou trafik

- 18 kamyon aspiratè ak jè egou
- 12 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 ouben vizite sitwèb <https://www.511ny.org/#:Alerts>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

### **New York State Canal Corporation**

Akòz tanpèt la, seksyon sa yo nan sistèm Kanal Eta New York la fèmen pou navigasyon:

- Kanal Erie ant Lock E-8 nan Rotterdam, Konte Schenectady ak Lock E-15 nan Fort Plain, Konte Montgomery
- Kanal Erie ant Lock E-24 nan Baldwinsville, Konte Onondaga ak Lock E-27 nan Lyons, Konte Wayne
- Cayuga-Seneca Canal Lock CS-1 nan Aurelius, Konte Cayuga
- Canal Corporation pral re-ouvri seksyon sa yo si kondisyon yo pèmèt.
- Yo ankouraje tout Navigatè ak tout moun ki gen enterè yo pou yo enskri pou resevwa mizajou atravè pwogram notifikasyon Avi pou Navigatè Canal Corporation la lè yo klike [isit la](#).

### **Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services)**

Rezidan yo ka jwenn asistans tou avèk kesyon sou sèvis finansye, ki gen ladan enfòmasyon sou asirans konsènan kouvèti polis pou pèt lè yo rele Liy Dirèk nan ka katastwòf Depatman Sèvis Finansye a nan 800-339-1759, nan jou lasemèn soti 8:30 am pou 4:30 p.m.

### ***Resous adisyonèl pou viktim yo, konsèy pou fè fas ak konpayi asirans yo***

Nou ankouraje Nouyòkè ki te afekte pa inondasyon yo pou yo vizite [Sant Resous pou Rekiperasyon apre Katastwòf ak Inondasyon DFS](#) pou jwenn enfòmasyon itil.

Lòt resous ak konsèy pou fanmi ak biznis ki afekte yo gen ladan etap pou ede asire ke reklamasyon yo trete san pèdi tan, ansanm ak enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent si moun ki gen asirans yo pa ka rezoud konfli ak konpayi asirans yo.

**Depoze Reklamasyon San pèdi tan** – Yo ankouraje pwopriyetè kay ki te fè eksperyans pèt pwopriyete pou yo ranpli reklamasyon asirans ak konpayi asirans yo san pèdi tan epi pi vit ke posib apre pèt rive. Li enpòtan pou bay nimewo politik si sa posib ak tout enfòmasyon ki gen rapò ak pèt la. Pou pi byen dokimante pèt yo, pwopriyetè kay yo ta dwe pran foto oswa videyo ki montre kantite pèt yo anvan yo netwaye domaj yo.

**Fè Reparasyon ki Nesesè** – Pwopriyetè kay yo ta dwe pwoteje pwopriyete yo kont plis domaj apre yon pèt, men yo ta dwe fè sèlman reparasyon ki nesèsè pou anpeche plis domaj nan pwopriyete, tankou kouvri fenèt ki kase. Reparasyon pèmanan pa ta dwe fèt jiskaske konpayi asirans yo fin enspekte pèt yo.

**Kenbe Dosye Tranzaksyon ak Reprezantan Asirans yo** – Pwopriyetè kay yo ta dwe kolabore nèt ak konpayi asirans yo epi kenbe yon jounal sou tout konvèsasyon ak reprezantan asirans yo, enkli non reprezantan yo, ansanm ak lè ak dat tout apèl oswa vizit yo. Yo ta dwe swiv tou alekri ak reprezantan yo pou dokimante konpreyansyon yo genyen sou nenpòt konvèsasyon yo te genyen ak reprezantan yo.

**Fè envantè afè w yo** – Bay konpayi asirans ou yon envantè detaye chanm pa chanm sou atik pèsònèl ak pwopriyete ki domaje. Mete resi yo, tankou deklarasyon kat kredi oswa lòt dokiman ki montre valè atik yo.

**Domaj Inondasyon** – Nou ap raple pwopriyetè kay yo ke domaj inondasyon yo jeneralman kouvri sèlman pa asirans inondasyon, ki se yon pwogram federal ki administe pa Ajans Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Agency, FEMA) la. Pwopriyetè kay ki gen asirans inondasyon epi ki gen domaj nan inondasyon ta dwe fè reklamasyon atravè asirans sa a. Anplis de sa, pwopriyetè kay ta dwe li règleman yo ak anpil atansyon pou asire yo konprann ki domaj ki kouvri ak nan ki sikonstans. Pou plis enfòmasyon sou asirans inondasyon, tanpri vizite Sant Resous Asirans Inondasyon sou sit entènèt DFS la nan [http://www.dfs.ny.gov/consumer/flood\\_info.htm](http://www.dfs.ny.gov/consumer/flood_info.htm).

**Kenbe resi w yo si w deplase pandan reparasyon yo** – Si w bezwen deplase tanporèman pandan y ap repara kay ou a, asire w ke w kenbe resi yo ak lòt dosye depans ou yo pandan tan sa a.

**Depoze Plent** – Pwopriyetè kay ki pa kapab rezoud konfli ak konpayi asirans yo ka kontakte DFS pou depoze yon plent nan sitwèb sa a, <http://www.dfs.ny.gov/consumer/fileacomplaint.htm>. DFS envestige tout plent li resevwa yo.

**Enfòmasyon sou Asirans Pwopriyetè Kay** – Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Sant Resous Pwopriyetè Kay yo sou sitwèb Depatman Sèvis Finansye a nan: [http://www.dfs.ny.gov/consumer/home\\_resources.htm](http://www.dfs.ny.gov/consumer/home_resources.htm).

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS)**

Sèvis piblik New York yo pral genyen apeprè 7,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York nan kad preparasyon pou domaj potansyèl enfrastrikti ak blakawout kliyan yo ki fèt akòz dènye evènman move tan; ki gen ladan travayè kontra ekstèn sa yo: 500 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa NYSEG/RG&E; 495 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Con Edison; 300 travayè sou kontra ekstèn garanti pa National Grid; 200 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Orange & Rockland; 165 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa PSEG LI; ak 60 travayè sou kontra ekstèn ki garanti pa Central Hudson. Anplwaye DPS yo pral kontinye swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo deplase anplwaye adisyonèl ak resous yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak.

### **Depatman Deta (Department of State)**

Depatman Deta ap deplwaye anplwaye ki soti nan Divizyon Règ ak Kòd Batiman yo pou ede ofisyèl lokal yo mennen evalyasyon ak analiz sekirite batiman yo.

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Anplwaye Otorite Thruway la prepare pou reponn ak nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak inondasyon atravè eta a ak 671 operatè ak sipèvizè, avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmte yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 346 gwo kamyon baskil abèn ak ti kamyon
- 63 chajè
- 34 Trelè
- 6 Kamyon Aspiratè
- 13 Ekskavatris
- 7 dechiktèz ak bwòs
- 100 twonsonez
- 22 Kamyon Ayeryen
- 25 Chajez ak Direksyon
- 86 jeneratris pòtab
- 70 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou TRANSalert ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv @ThruwayTraffic sou X, epi vizite [thruway.ny.gov](http://thruway.ny.gov) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a pral sipòte yon demann DHSES nan lokal rasanbleman Binghamton/Vestal la epi l ap bay yon ekip ki gen 6 manm URT, 1 idwoglisé ak 1 RHIB. Operasyon yo te kòmanse jedi swa a 6:00 pm pou peryòd operasyon 12 èdtan epi fini lè li pa nesèsè ankò. Lapolis Eta a pral siveye ak anpil atansyon kondisyon metewolojik epi yo pral deplwaye pèsònèl adisyonèl, jan sa nesèsè, nan zòn ki afekte yo. Veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite (UTV) yo ak bato deja an pozisyon epi yo pare pou yo fè entèvansyon imedyatman.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)**

Ofisye lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanlal la, Gad Forè, Jesyon Ijans yo ak estaf rejyonal yo ap evalye enfrastrikti enpòtan ak zòn ki afekte pa gwo lapli a. Yo deplwaye byen yo pou ede ak repons ijans nan kominote ki andomaje pa inondasyon yo.

Yo konseye randonè yo pou evite tanporèman tout santye ki gen alitid wo yo ak santye ki travèse rivyè ak kouran dlo yo. N ap ankouraje randonè nan Adirondacks yo tcheke paj wèb Enfòmasyon sou zòn Kanpay Adirondack la pou mizajou sou kondisyon santye yo, fèmti wout sezonye yo, ak enfòmasyon lwazi jeneral.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Pak te mete sèt ekip siyè annatant pou ede ak netwayaj tanpèt. Vizite pak yo ta dwe vizite [parks.ny.gov](https://parks.ny.gov), tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo te reyaji rapidman ak pwoblèm ki gen rapò ak move tan ki gen ladann pyebwa ki tonbe sou ray yo. Pou diminye chans pou inondasyon epi reponn a nenpòt ka inondasyon ki rive, ekip MTA yo te enspekte drenaj nan zòn ki gen tandans inondasyon yo pou asire yo fonksyone, epi sipèvizè yo te kontwole kote ki gen tandans inondasyon yo pou rapò sou inondasyon pou asire gen repons rapid.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](https://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekasyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA ak aplikasyon TrainTime lan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)